6

89-943610

SARIWARSITA

KALA TIDA
SABDA TAMA
SABDA DJATI



PENERBIT:
TAN KHOEN SWIE - KEDIRI.
Djalan Dhoho 149.

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google

Digitized by Google

Original from
UNIVERSITY OF CALIFORNIA

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google

Digitized by Google

Original from
UNIVERSITY OF CALIFORNIA

6

89-943610

SARIWARSITA

KALA TIDA
SABDA TAMA
SABDA DJATI



PENERBIT:
TAN KHOEN SWIE - KEDIRI.
Djalan Dhoho 149.

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google

Digitized by Google

Original from
UNIVERSITY OF CALIFORNIA

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google

Digitized by Google

Original from
UNIVERSITY OF CALIFORNIA

[illegible]

+= KALA TIDA

+= SABDA TAMA

+= SABDA DJATI

Nerangaken maksudipun Ramalan Djangka saking Pudjonggo Agong Suwargi:

R.Ng.R O N G G O W A R S I T O.

Ing S U R A K A R T A

Dipun torangaken nganggo tigang basa. Tembang, (kawi) Ngoko, lan basa Indonesia.

PENERBIT


T A N K H O E N S W I E K E D I R I

DJALAN DHOHO 149.

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google

Digitized by Google

Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA


Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google
Digitized by Google
Original from
UNIVERSITY OF CALIFORNIA

PL 5086
S37
1885
MAIN

P U R W A K A.

Nuwun! Aturipun Kidjanggan kalajan gonging hormat Winantu sagunging pudyatama, mugi katur ing ngarsanipun Sadorok para maos sadaja ingkang minulja.

Wijosipun, Kidjanggan njuwun rumontaning sih katresnan ingkang mijos saking lila logawaning panggalih sutji, singkirakon saliring seling serop, dene Kidjanggan kumawantun " AMBEBERAKEN " binukaning warsita wirajatipun = " KALA TIDA, SABDA TAMA, tuwin SABDA DJATI " boten sanos namung kanti lolamberan kawruh sastra basa sapala, sinerang serang derong hardaning ardaja, adodasar lolandosan pandos pandikaning sodya pandjangka, luwung lumajan ladjeng lodjar logawa ponggalihipun para Maos sadaja, sjukur sajogya sudi sajuk sujud sru supranataning silah-silah. " SARINING " warsita wau, kagoma " POLA TULADA " Pangoran patokaning pangemudinipun.

Ing mangka masalah martana mardawa wau mahanani pana prama nong parna, padang narawang maratani Nangkoda Nara kisma, sahasawarnining wandu-wandawa, para Prijagung pramukaning prawara, pusaraning Pradja Agung Indonesia Iswara sarwi suba subur saliring taru tano - ming tani tata tentrom widada dugong wasana wasisaning wasundari.

Wasana wekasaning wuwus, Kidjanggan amung njumanggakakon panjuraos pangagoming pawarsita monika kalajan njuwun njonjadang samodra sih pangaksama.

SINENGKALAN WISIKANING BRAHMANA ANGESTI DJATI (1885).

KIDJANGGAN (R.M.S. TRI TJONDROKOESOEMO)

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

Hak pengarang dilindungi menurut Undang-Undang.

Baru sjah peredarannja, bila sudah dibubuhi tjap tanda tangan ponerbit sebagai dibawah ini,

(Ponerbit)

Pendjualan buku jang tidak ada tjap tanda tangan seperti diatas; dapat diadjukan komuka Pengadilan.

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

SRI WARSITA KALA TIDA.

Sekar : S i n o m.

I. Mangkya daradjating pradja,
kawurjan wus sonja ruri,
rurah pangrekaning ukara,
karana tanpa palupi,
atilar silastuti,
sudjana sardjana kelu,
kalulun kala tida,
tidom tandaning dumadi,
harda jeng ngrat dono karoban rebeda.

II. Ratu, ratuning utama,
Patiho, patih linuwih,
pra Najaka tyas rahardja,
Panakare botjik-botjik,
paran dono tan dadi,
palijan sing kala bondu,
malah saja andadra,
ruboja angibedi,
beda-beda hardaning wong sanagara.

III. Katatangi tangisira,
sira Sang Paramong kawi,
kawiloting tyas wuh kita,
katamaning roh wirangi,
dono ngupaja sandi,
sumaruna anarawung,
mangimur manuhara,
mot pamrih molik pakolih,
tomah suka ing karsa tanpa woweka.

IV. Kasok karoban pawarta,
bebaratan hudjar lamis,
pinudya dadya pangarsa,
wokasan malah kawuri,
jen pinikir sajokti,
pendah apa anong ngajun,
andoder kaluputan,
siniraming banju lali,
lamun tuwuh dadi kombanging boka.

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

V. Hudjaring paniti sastra,
awewarah angsung pepeling,
ing djaman kenong musibat,
wong amboq djatmika kotit,
mengkono jen niteni,
pondah apa amituhu,
wawarta lalawora,
mundak angreranta hati,
angur baja ngiket tjaritong kuna.

VI. Koni kinarja darsana,
panglimbanging ala betjik,
sajekti akeh kewala,
lalakon kang dadi tansil,
masalah ing ngaurip,
wahananira tinemu,
tokaa anarima,
mupus papostining ngahurip,
puluh puluh anglakoni kahanohan.

VII. Amonangi djaman odan,
ewuh haja ing pambudi,
melu edan nora tahan,
jen tan melu anglakoni,
baja kaduman melik,
kaliren wekasanipun,
dilalah Kersaning Allah,
bedja-bedjane kang lali,
luwih bodja kang eling miwah waspada.

VIII. Mangkono ingkang bebasan,
padu-padune kepongin,
gih ta makaton man Doblang,
bener ingkang angarani,
nanging sadjroning batin,
sajekti anjamut-njamut,
wis tuwa arep apa,
luwung mawas ing ngasepi,
supajantuk pangaksamaning Hyang Sukma.

IX. Beda lawan kang santosa,
wus linilan mring Hyang Widi,
satiba malange ja,
tan susah ngupaja kangsil,

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/ucl.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

saking mangunah prapti,
Pangeran paring pitulung,
marga samining titah,
rupa sabarang pakolih,
paran dono maksih tabori ichtijar.

X. Sakadaro linakon,
mung tumindak mara hati,
anggor tan dadi prakara,
karana wirajat muni,
ichtijar iku dadi,
pamilih ing reh rahaju,
sinambi budi-daja,
kanti awas lawan eling,
kang kahosti antuk marmaning Hyang Sukma.

XI. Ja Allah, ja Rasulolah,
kang sipat murah lan asih,
mugi Tuhan aparinga,
pitulung ingkang nartani,
ing alam domi achir,
dumunung neng badan ulun,
mangkya sampun angreda,
ing wekasan kadi pundi,
mila mugi wonton pitulung Tuhan.

XII. Sageda sabar santosa,
mati sadjroning urip,
kalis ing reh haru-hara,
murka angkara sumingkir,
tarlen hamomalat sih,
sanityasa tyas manusu,
badaring sapu-denda,
antuk mapjar sawatawis,
borong angga suwarga meksi mataja.

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

WARSITANING "SABDA TAMA"

Sokar Gambuh :

I. Rasaning tyas kajungjun,
hangajomi lukitaning kalbu,
gambir wana kalawan honinging hati,
kabokta kudu pitutur,
sumingkiring roh tyas wirong.

II. Don samya amituhu,
ing sadjroning djaman kalabondu,
jogja samya njonjuda hardaning hati,
anuntun mring pakowuh,
huwohing panggawe awon.

III. Ngadjabpa tyas rahaju,
ngajomana sasamong tumuwuh,
wahanane ngendakake angkara kalindih,
ngendangkon pakarti dudu,
dinulu luwar tibong doh.

IV. Boda kang ngadji pupung,
nir waspada rubedane tutut,
kakintilan manggon anggung atut wuri,
tyas riwut ruwet dahuru,
korup sinerung ngagoroh.

V. Hilang budajanipun,
tanpa baju wejane ngalumpuk,
satjipataning wardaja ambebajani,
hubajane nora paju,
kari kataman pakowuh.

VI. Rong hasta wus katekuk,
kari hura-hura kang pakantuk,
dandang gula lagu palaran sajekti,
ngleluri para leluhur,
habot ing sih swami karo.

VII. Galak gangsuling tembung,
Ki Pudjangga panggupitanipun,
rangu-rangu pamanguning roh hardjanti,
tinanggap prana tambuh,
katenta nawung prihatos.

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

VIII. Wartine para djambur,
pamawasing warsita tan wus,
wahanane hapan howah hangowani,
jeku sangsaja pakewuh,
howuh haja kang linakon.

IX. Sidining kalabendu,
saja dadra hardaning tyas limut,
nora kena sinirep limpating budi,
lamun wurung mangsanipun,
malah sumuke hangradon.

X. Ing antara sapangu,
pangungaking kahanan wus mirud,
morat-marit panguripane sasami,
sirna katemtremanipun,
wong hudrasa sahenggon-honggon.

XI. Kemat hisarat lebur,
bubar tanpa daja kabarubuh,
paribasan tidem tandaning dumadi,
bedjane ula dahulu,
tjangkem silite anjaplok.

XII. Dungkari gunung-gunung,
kang geneng-geneng pada djinugrug,
paran dene tanpa ana kang nanggulangi,
wedi kalamun sinembur,
hupase lir wedang humob.

XIII. Kolonganing kaluwung,
prabanira kuning habang biru,
sumurupa iku mung soroting warih,
wewaraho para Rusul,
dudu djatine Hyang Manon.

XIV. Supaja pada emut,
amawasa bendjing djroning tahun,
windu kuning kono ana wewe putih,
gegamane tebu wulung,
harsa angrebaseng wedon.

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

XV. Rasano wus karasuk,
kosuk lawan kala mangsanipun,
kawisena kawasanira Hyang Widi,
tjahjaning wahju tumolung,
tu lus tan kona tinegor.

XVI. Karkating Tyas katudju,
djibar-djibur hadus banju waju,
njuwanane turun tumurun tan henting,
lijan pradja samya sajuk,
koringan saenggon-onggon.

XVII. Tatune kaboh tuntum,
lolarane waluja sadarum,
tyas prihatin ginantun suka mopaki,
wong ngantuk nomu ketuk,
djrone si dinar sabokor.

XVIII. Amung pada tinumpuk,
nora ana rusuh tjolong djupuk,
radja kaja tjinantjang aneng djawi,
tan ana nganggo tinunggu,
paran done tan tjinolong.

XIX. Diraning durta katut,
anglakoni ing panggawe runtut,
tyase katrem kajoman hajuning budi,
budyardja mardjajeng limut,
amawas pangesti awon.

XX. Ninggal pakerti dudu,
kadapaning parontah ginugu,
miring pakarjan saregop tetep nastiti,
ngisor duwur tyase djumbuh,
tan ana wahon winahon.

XXI. Ngratani sapradja agung,
koh sardjana sudjana ing kawuh,
nora kewran mring tjaraka agal-alit,
pulih duk djaman rumuhun,
tyase teteg teguh tanggon.

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

SARI WARSITA "SABDA - DJATI"

Sekar Mogatruh :

I. Hawya pogàt ngudija ronging budyaju,
margane suka basuki,
dimen luwar kang kinajun,
kalising panggawe sisip,
ingkang taberi prihatos.

II. Ulatna kang nganti bisa kapangguh,
galedahen kang sajekti,
talitinen hawya kleru,
larasen sadjroning hati,
den tumanggap dimen tumanggon.

III. Pamanggone aneng pangesti rahaju,
hangajomi ing tyas ening,
eninging hati kang suwung,
nanging sadjatine isi,
isine tjipta kang joktos.

IV. Lakonana kalawan sabaring kalbu,
lamun obah niniwasi,
kasusupan setan gundul,
ambebodung gawa kondi,
isine rupiah keton.

V. Lamun nganti korup mring panggawe dudu,
dadi panggonaning iblis,
mlebu mring alam pakewuh,
ewuh pananing hati,
temah wuru kabosturon.

VI. Nora kengguh mring pamardi reh budyaju,
hajuning tyas sipat-kuping,
kinepung panggawe rusuh,
lali pasihaning Gusti,
ginuntingan kaja mrenos.

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/ucl.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

VII. Paran dene kaboh samya handulu,
hulap kalilipon wodi,
akoh kang pada sudjut,
kinira jon Djabarail,
kahutus doning Hyang Manon.

VIII. Jon kang huning marang sodjatining kawruh,
kowuhan sadjroning hati,
jen tiniru ora hurus,
huripo kahosi -hosi,
jen niruwa dadi hasor.

IX. Nora ngandol marang gaiping Hyang Agung,
anggolar sakalir-kalir,
kalamun tomon tinomu,
kabogyano anokani,
kamurahano Hyang Manon,

X. Hanuhoni kaboh kang duwo panjuwun,
jen tomon-tomon sajokti,
Dowa aparing pitulung,
nora kurang sandang bukti,
satjiptanira kalakon.

XI. Ki Pudjangga njambi parawoh pitutur,
saka pangunaning Widi,
ambuka warahanipun,
haling-haling kang ngalingi,
angaling atomah katon.

XII. Para djalma sadjroning djaman pakowuh,
asudranira andadi,
rahuruno saja darung,
koh tyas mirong murang margi,
kasokton wus nora katon.

XIII. Katuwano winawas dahat matronjuh,
konjaming sasmita jokti,
sanityasa tyas malat kung,
kongas wolaso kopati,
sulaking djaman prihatos.

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/ucl.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

XIV. Walujano bondjang jon ana wiku,
momudji ngosti sawidji,
sabuk tobu lir madjonun,
galibodan tuding-tuding,
anatjahkon sakòhing wong.

XV. Iku lagi sirep djaman kala bondu,
kala suba kang gumanti,
wong tjilik bisa gumuju,
nora kurang sandang bukti,
sodyane kaboh kalakon.

XVI. Panduluno ki Pudjangga durung komput,
mulur lir bonang tinarik,
nanging kaseranging ngumur,
andungkap kasidan djati,
mulih djatining onggon.

XVII. Hamung kurang wolung hari kang kadulu,
tamating pati patitis,
wus katon nong lokil-makpul,
angumpul ing madya hari,
amarongi sri buda pon

XVIII. Tanggal kaping lima antarano luhur,
solaning tahun Djimakir,
toluhu marhajong djanggur,
"Songara" winduning pati,
notopi ngumpul sahonggon.

XIX. Tjinitra ri buda kaping wolulikur,
Sawal ing tahun Djimakir,
tjandraning warsa pinotung,
"Sombah muksma pudjangga dji"
Ki Pudjangga pamit lajon.

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

SARI WARSITA KALA TIDA

Djarwa Ngoko:

I. Samengko daradjating nagara,
katon wus suwung njonjot,
rusak panataning ukara,
sebab tanpa pola tulada,
ninggal tata krama,
katut ing kala tida,
sirep sepon tandaning tumitah,
karepo wong sanegara wus kalah kaungkulan doning kasusahan.

II. Ratuno ratu utama,
Patiho, patih limuwih,
para najaka bobudono tulus botjik,
Panokare apik-apik,
owadono tanpa dadi,
ponulaking wowolak,
malah saja tansah tambah,
roribot susaho anggegoda,
sodjo sedjo karepo wong sanagara.

III. Kagugah doning tangiso,
Sang Pudjangga agung linuwih,
kagubel ing ati kang sarwa makowuh,
katamaning prakara kang agawo isin,
dene ngupaja reka daja,
anjola-njola narambul,
ngroropa ngarih-arih,
kanti kopongin darboni samubarang kang migunani,
wokasano katurutan sononging ati nganti tanpa pangati-ati.

IV. Kebak kabloboran pawarta,
angin lan gunom kang ora njata,
pinudji dadija pangarep,
wekasan djebul malah kasingkur,
manawa ginagas tomonan,
porlu apa ta ana ing ngarep,
mundak andedor kaluputan,
siniraming banju lali,

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

manawa tukul dadi kombanging bilahi..

V. Djarono para sardjana
mituturi awoh popoling,
ing djaman kona wowelak,
wong amboq botjik budi luhur kalah,
mangkono kuwi jon ta pada disetitokake,
perlu apa manut miturut,
kabar kang dora ora njata,
mundak gawo susah memelasing hati,
luwih botjik nganggit tjarita ing djaman
kuna.

VI. Kona ginawo pola-tulada,
panjaring pamiliho ala lan botjik,
sanjatane akeh bao,
lalakon kang bandjur tanpa tandja,
prakara djroning urip,
togos tandane tinomu,
sing pada bisa narima,
mupus marang takdiring ngahurip,
puluh puluh nglakoni kahelokan,

VII. Amoruhi djaman edan,
ngowuhake ing pamikir,
molu edan ora kaduga,
jon ta ora molu ngrudjuki,
tangoh kaduman melik,
kaliron wekasane,
adiling Pangeran Kang Maha Kawasa,
sanadjana sing lali bedja dikaja ngapa,
isih luwih mulja sing eling lan waspada.

VIII. Mangkono iku upamane,
satemene kepengin,
rak ja mangkono ta paman Doblang,
bener kang ngarani,
nanging sadjroning batin,
sanjatane isih adoh lamat-lamat,
wis tuwa arep apa,
luwih prajoga mawas marang katontroman,
kareben oleh pangapurane Pangeran Kang
Murbeng tuwuh.

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

IX. Sedjo karo kang kuwat santosa,
wis diparengake doning Pangeran Kang Maha Langgeng,
satiba polaho uga,
ora susah kangelan jen golek pametu,
sebab budi kang sutji wus nekani,
Tuhan Subhanaku wa Ta'ala paring pitulung
marga sapadaning machluk,
wudjuda barang apa bae ja katjekel lan migunani,
owa deno isih mempeng anggone satijar.

X. Sabisa-bisane dilakoni,
mung kang ditandangi kanti suka-senenging hati,
anggor ora dadi prakara,
djalaran piwulang wus njebutake,
ichtijar iku minangka,
pamilihing dalan marang slamet rahaju,
sinambi angreka-daja,
kanti awas lan eling,
samubarang kang dikarepake katekan saka,
sih kamurahane Kang Maha Kuwasa.

XI. Ja Allah, ja Utusane Allah,
kang sipat murah lan welasan,
muga Tuhan aparinga,
pitulungan kang angratani lan migunani,
ing alam-donja lan achirat,
manggona ing awakku,
ing mengko wis angombra-ambra,
ing tembe besuk kaprijo,
mulane muga anaa pitulung Tuhan.

XII. Bisaa sabar lan teguh,
mati sadjroning urip
ora kataman ing ruwet reribet,
murkaning hawa-nepsu ngedohi,
ora lija tansah njenjadang sih kawelasan,
hati tansah manungka kasusu-susu,
udar-luwaring wewolak pidana pahukuman,
oleh longgar majar sawatara,
pasrah, aku mawas ing kaswargan.

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

SARI WARSITA "SABDA TAMA"

Djawa Ngoko:

I. Rasaning hati kapengin banget,
nuruti krentoging hati,
gambir halas kalawan boninging gagasan,
kagawa kudu arop awoh pituduh,
murih sumingkiring karop kang gawe wirang,

II. Sing pada manut miturut,
ing sadjroning djaman kang akoh kasusahan lan doduka,
prajogya pada bisa ngongurangi hadreng nopsuning hati,
kang nuntun marang ing karibotan lan kaluputan,
wokasane ngunduh panggawe ala.

III. Ngudija marang gagasan kang botjik,
gawoja ajom marang sapadaning titah,
tanda djalarane bisa njuda sarta ngalahake panggawe ala,
ambuwang tindak kang luput,
katon wudar tumiba hadoh.

IV. Sedjo karo kang lagi golom ngumbar hawa,
hilang pangati-ati karibotane bandjur tutut lulut,
krasan tansah kakintil tutburi,
hati potong ribot ribut,
kaplantrang kablasuk kataman ing dora lan tjidra.

V. Hilang akal nalaro,
tanpa daja sombranane ngalumpuk,
sakrontog karopo njumolangi,
rombug gunome wus ora diportjaja,
mung kari nandang susah.

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

VI. Tangan loro wus katokuk,
kari hura-hura kang mikolohi,
dandang gula lagu palaran iku njata,
ngadji-adji para loluhur,
wong sakaloron pada habot ing sih trosna,

VII. Galak lan malosoting tombung,
Ki Pudjangga anggitano,
mangu-mangu panggagasing bab tata karahardjan,
katampa kalajan gatino hati,
kaja-kaja isih nandang prihatin,

VIII. Kandano para pinundjul,
panjurasano pitutur tanpa kondat,
mratandani awit djalaraning howah gingsir,
ja iku tambah makowuh,
bingung kang dilakoni.

IX. Muntjaking mangsa roribot,
saja ngambra-ambra bangot rasaning hati kang lali,
ora kona sinuda saka pintoring akal kawruh,
jon mangsano mlosot wurunga,
sumuk prabawano tambah rata ngambra-ambra.

X. Ing antara sawatara suwono,
pamawasing kahanan wus larud,
bubrah tata panguripaning para manungsa,
hilang katentromano,
wong angoluh sosambat saonggon-onggon.

XI. Mantra lan sarat pada tjabar,
ora hilang mandine tanpa daja,
paribasan sepi tandaning ngahurip,
bedjane ula dahulu,
tjangkem lan silite pada ngemplok.

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

XII. Djugrugi gunung-gunung,
kang mungal montjol muntjul pada karata,
owa done tanpa ana kang wani ngalang - ngalangi,
wedi manawa bakal sinombur,
hupase panas kaja wedang humob.

XIII. Palengkunging kaluwung,
serete warna kuning habang lan biru,
mangertia iku mung tjahjaning banju,
wedjangane para Mukmin Linuwih,
iku dudu djatine Pangeran Kang Maha Kawasa.

XIV. Supaja pada eling,
amawasa besuk sadjroning tahun,
windu kuning kono ana wewe putih,
gegamane tebu wulung,
arep ngrangsang ngrusak wedon.

XV. Rasane wus kalebonan,
kadesek dening titi mangsane,
kahereh saka kersane Pangeran Kang Maha Kawasa,
tjahjane wahju mendak tumungkul,
slamet ora kena tinegor.

XVI. Krenteging hati sarwa katurutan,
gebyar-gebyur hadus banju waju,
slamete turun-tumurun ora pedot,
lija negara pada asih sarudjuk,
kadjen kineringan ing saparan-paran.

XVII. Tatune kabeh pada pulih,
larane bandjur waras kabeh,
hati susah ginanti bungah bangot,
wong ngantuk nemu ketuk,
ing djero isi dinar sabokor.

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

XIX. Kendel saktine panggawe hala katut,
bandjur golem nglakoni laku botjik,
hatine tansah seneng kahejuban tulus be -
tjiking budi,
tindak kang slamet bisa ngilangake pedut
kang amotengi,
bisa nglimbang karep kang hala.

XX. Angedohi panggawe duraka,
sakabehing parentah ginugu,
marang panggawean kawadjibane saregep tetep
tur ngati-ati,
wong ngisor lan duwur pada rukun saeka-praja
ora ana kang pada tjatjad tjinatjad.

XXI. Anjumrambahi sapradja kaboh,
akeh para winasis kang mauno kewuhan,
bandjur dadi ora kidung owuh marang trap ra-
kiting sastra, kang kasar lan halus,
temahane bali kaja dok djaman disik,
hatine pada setya tetep mantep.

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

SARI WARSITA "SABDA DJATI"

Djarwa Ngoko:

I. Adja loren anggone ngudi marang tengah te - lenging bebuden betjik,
dedalane marang bungah lan slamet,
kareben katekan kang dikarepake,
ora kataman ing panggawe ala,
sing pada sregep marang laku kabatinan.

II. Sawangen sing nganti bisa katemu,
galedahen sing temenan,
pilihan wawasen adja nganti kleru,
rasakna omatna sadjroning hati,
gatekna supaja krasan mapan temenan.

III. Pamanggone ana pandjangka kang sutji,
hangejubi hati kang padang lan tentrem,
boning tentroming hati kang kotong,
nanging sanjatane isi,
isine karep kang bener lan njata.

IV. Lakonana kanti sabaring hati,
jen obah andrawasi,
kalebon setan gundul,
ambeboda gawa kendi,
isine rupijah emas.

V. Jen ngantija kasasar marang panggawe ala,
dadi panggonaning iblis,
mlebu marang kahanan kang ribet ruwet,
rekasa pangrasaning hati,
wekasane mendem, kalepyan kurang prajitna.

VI. Ora kodal marang piwulang marganing karep kang sutji,
betjiking hati kang tanpa timbang,
dikepung dening laku kang djembeg lan kasor,
lali jen dadi papan sihe Pangeran,
ginuntingan kaja mori.

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

VII. Ewa dono kaboh kang pada andolong,
sulap kalilipon wodi,
akoh kang pada manombah,
dikira jon mala-okat Djabarail,
Kang kahutus doning Kang Maha Kawasa,

VIII. Jon kang mangorti marang sajatining ngelmu,
ribot sadjroning hati,
jon ta ditiru njata ora bonor,
huripo kahorang-horang,
nulada dadi romoh,

IX. Ora pratjaja marang kuwasaning Allah Kang Maha Agung,
ambobor nitahako sakoning barang lan machluk,
sing sapa sotya mantop mituhu bakal katokan karopo,
kabogdjano bandjur njodaki,
saka sih pitulungano Pangoran Kang Maha Asih.

X. Ngabulako marang sadonga kang duwo panjuwun,
jon tuhu tomon njata,
Allah Kang Maha Asih bakal paring pitulungan,
Ora bakal kurang sandang pangan,
sakaropo katurutan.

XI. Ki Pudjangga kanti urun pitutur,
saka pangandikano Allah,
ambuka todong koliro,
haling-haling kang nutupi,
angglowang bandjur katon,

XII. Para manungsa sadjroning djaman ribot ruwot,
bobudon asor tambah andadra,
gogor tjotjongilan saja andolarung,
akoh laku kang tjidra ninggal dalan kabotjikan,
borbudi prawira wus hilang.

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

XIII. Totuwane katon susah memelas banget,
pangrasaning ngalamat njata,
tansah gawe ngerosing hati,
mubale kasangsaran agawe giris,
tanda semune djaman susah.

XIV. Warase bosuk jen wus ana pendita tapa,
memudji anggajuh marang sawidji,
sabuk tebu kaja wong owah engotane,
kaliweran tudang-tuding,
angetung djiwaning kawula.

XV. Iku lagi bisa hilang djaman kang sarwa sangsara,
para kawula bisa bungah gumuju,
ora kekurangan sandang pangan,
apa karepe kabeh katurutan.

XVI. Panjawange ki Pudjangga durung tutug,
mulur kaja boleh tinarik,
nanging katungka ing umur,
wis anjedaki tekaning pati,
bali marang panggonan asal mulane.

XVII. Hamung kari kurang wolung dina kang dinelong lan dialami,
rampung pungkasane pati kang sampurna ora kasasar,
wis katon ana ing kodrattollah,
anglumpuk ing tengahing dina,
pinudju dina Rebo-pon. . .

XVIII. Tanggal kaping lima antarane waktu luhur,
tengah-tengahing tahun Djimakir,
toluhu hilang musna ing djanggur,
"Sengara" Winduning pati,
ngleksanani awor sapanggonan.

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

XIX. Dihanggit ing dina Robo tanggal kaping wolulikur,
sasi Sawal ing tahun Djimakir,
tjandraning tahun dipetung,
"Sombah muksma pudjangga dji" (tahun 1802 th. Saka/Djawa),
ki Pudjangga pamit tinggal donja.

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

SARI WARSITA KALA TIDA.

Indonesia:

I. Dewasa ini deradjat negara,
tampaklah sudah akan kesopiannja,
rusaklah penjusunan kata-kata,
karena tanpa pola seri telada,
sila sopan-santun ditinggalkannja,
segala sesuatu tersorotlah oleh kekuatan,
masa nan kesamar-samaran,
sunji njonjak tanpa tanda kehidupan,
Gezag perbawa negara sudahlah terperdaja
ribut rintangan.

II. Ratunja, adalah ratu utama,
Patihnja, ialah patih istimewa,
para Najaka Mentorinja, bermoral luhur,
Panekarnja, terpilih nan djamhur,
tapi usahanja tak berhasil, bahkan kabur,
siksaan alam giatlah terberantas,
tak djadilah rada roda, malahan mengganas,
ribut rintangan ropot rempati,
paham pendirian penduduk Pradja berbeda,
saling menentangi.

III. Terbangunlah oleh keluh kesah meradjalela,
Sang Pudjangga Agung nan waspada,
terliputlah suasana susah serta kebingungan
turut merasakan masalah memalukan,
nadi daja-upaja terusaha,
timbul-tampaklah tak terkata,
belas sih perimarma dimohon meraju-raju,
serta hasrat untuk memiliki sesuatu,
achirnja mendjadi suka gembira hingga kurang waspada kalbu-sitangsu.

IV. Sana sini meluaplah penuh berita,
kabar angin serta keterangan nan tak njata
setengah orang mengharap dirinja mendjadi terkemuka,
achirnja malahan terwasana,

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/ucl.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

bila dironungkan nan mendalam,
perlu apakah ditempat dopan tapi suram,
penuh padat kesalahan laksana subur tertanam,
oleh arus lupa kechilapan basah tersiram,
mantinja tumbuh tangkai bunga berbau maksiat dialam malam.

V. Para sardjana pernah bertutur,
mombori nasehat nan luhur,
dalam masa penuh padat muslihat,
bakti budiman lumpuh terpikat,
demikianlah adanja djika ditoliti,
perlu apakah patuh mengikuti,
kabar bohong tak berbukti,
menjebabkan gelisah petjah hati,
lebih baik mengarang tjeritera purba nan sorba-sorbi.

VI. Bermanfaat bagi pola seritelada,
guna menimbang masalah djudjur atau tjidera,
banjaklah ternjata pula,
riwajat gandjil tak berhasil,
masalah hidup tak berdalil,
tegas tandanja telah bertemu,
sadar redlalah dalam kalbu,
insjaf akan takdir Ilahi,
tanpa kehanohan lebih bahagia dialami.

VII. Mengalami masa gila,
serba sulit akan menjangka,
djika ikut bergila, tentulah tak tahan,
bila tak menjetudjui aliran,
tak mungkinlah akan mendapat milik pemba - gian,
achirnja djadi kelaparan,
tapi berkat keadilan Tuhan,
biarpun jang chilaf mudjur,
lebih bahagialah jang ingat waspada akan budi luhur.

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

VIII. Demikianlah peribahasa bersabda,
keinginan besar nan sungguh njata,
begitukah paman Doblang sebenarnja,
sungguh tepat djika ditorka,
tetapi dalam sanubari,
njatalah masih djauh sekali,
telah landjut usia mau apa lagi,
lebih sojogja merenungkan alam nan sepi sunji,
agar Tuhan Jang Maha Esa memahap mengampuni.

IX. Lain halnja bagi jang sentausa kuat,
telah dikabulkan Tuhan Jang Maha Rachim Rachmat,
bagaimanapun berlaku langkah,
menghasilkan nafkah amat mudah,
karena tibalah sudah budi sutji,
segala pertolongan Tuhan dapat dimiliki,
sebab sesama umat machluk,
segala sesuatu mudah diperuntuk,
masih djuga radjin berichtiar serta sibuk.

X. Segala sesuatu terlaksana menurut daja-kemampuan,
pun penuh rasa keredlaan,
asalkan tak akan mendjadi halangan,
kerna warsita filsafat telah menjebutkan,
berichtiar itulah merupakan,
pemilih penundjuk djalan-kebahagiaan,
serta usahakanlah daja-upaja nan giat,
tak lupa waspada dan ingat,
pusatkanlah daja-permohonan pada Tuhan
akan belas rachmat.

XI. Ja, Allah, ja Rasulullah,
Jang Maha Agung dan Murah,
sukalah Tuhan menunaikan anugerah,
kasih belas bantuan nan melimpah,
dialam mayapada dan achirat,
pribadi kamilah laksana tilam tempat
kini tjukuplah moradjalela sudah,

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/ucl.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

bagaimanakah nanti djika terus tambah,
maka mohon murah rachmat Tuhan Subhanahu
'wa'ta'ala.

XII. Supaja santausa sabar subur,
dalam hidup laksana tertidur,
masalah huru-hara terhindar kabur,
marah murka maksiat lenjap,
tak lain sih rachmat jang diharap,
senantiasa berbudi bersih besar berhasrat,
lenjapnja denda hukuman maksiat,
mendjadi rada ringan adjar sekedar,
tersilah, kami mohon diri mandang merenungkan
masalah alam achir akbar.

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

SARI WARSITA "SABDA TAMA"

Indonesia :

I. Asjiklah sang perana terasa,
menuruti bisikan djiwa,
ibarat gambir hutan teriring hati djernih sehat,
merasa berwadjib memberi nasehat,
agar tersingkir dari masalah muslihat.

II. Marilah kita taat menganut,
dalam masa nan penuh bahaja maut,
hendaknja redlalah mengurangi angkara murka,
djanganlah terhela kearah rendah hina,
achirnja memetik buah langkah laku nan durhaka.

III. Angan-angan selamat bahagia hendaknja terenung,
dimana sesama umat tentoram dapat berlindung,
tanda sebabnja sudah terperdjajanja serakah napsu,
membuang budi pekerti nan keliru,
lepaslah djatuh djauh berlalu.

IV. Berlainan dengan jang sedang memburu hawa murka,
lenjaplah kewaspadaannja, halangan lalu bersedia,
menetap ikut setya dibelakang,
hati ropot ribut bukan kepalang,
tjidera kotjurangan menghinggaplah menjerang.

V. Budi kepandaiannja sudahlah lenjap,
sedikitpun tak berdaja, sembrananja meluap,
arah tudjuannja serba membahajakan,
segala kata pembitjaraan tiadalah lagi penghargaan,
tinggallah kesusahan menunggu dipintu depan.

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

VI. Dua tangan telah tertekuk,
tinggal menjanjilah nan diperuntuk,
melagukan "Dandang gula palaran" berarti,
adat-istiadat nenek-mojang dihormati,
beratlah tjinta kasih sang suami isteri.

VII. Kata kata lagak keraslah keluar,
Ki Pudjangga menjangkanja berdebar samar,
ragu-ragu merenungkan masalah keselamatan hardjanti,
berdasarkan paham hati teliti,
merasa laksana masih terapung dialam duka hati.

VIII. Para djamhur pernah bertutur,
memaknakan warsita ta terhenti berangsur,
tanda mulai masalah berobah,
jalah bertambah susah,
serba sulit setiap laku langkah.

IX. Makin memuntjak masa hukum siksaan,
meradjalelalah paham pendirian penuh ke - chilafan,
ta' terpadam oleh tjerdas kepandaian nan ulung,
djika saat woktunja mendjadi urung,
Daja perbawa panas makin membikin bingung.

X. Sementara masa berselang,
pandang perhatian atas keadaan sudahlah hilang,
penghidupan rakjat mendjadilah kotjar-ka-tjir,
masalah tentram keamanan ta' lagi terpikir,
sana-sini berkeluh kesahlah simiskin pekir.

XI. Daja mantera isjarat sihir mendjadilah lebur,
sedikitpun ta' berdaja mudjarab bubar kabur,
alam sepi sunji ibarat suasana nan berhantu,
mudjurlah bagi siular "dahulu",
mulut dan djubur menjergap seru.

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

XII. Segala gunung mendjadilah rata terdukir,
bukit busut djungkir terusir,
seorangpun tiadalah berani merintangi,
takut kalau sembur hupasnja akan mengudjani,
hupas panas laksana air djarang mendidih titik tinggi.

XIII. Biangkala berlingkar,
warna kuning, merah dan biru bersinar,
pertjajalah itu hanja air bertjahaja,
para Rusul pernah bersabda,
itu bukanlah sipat sedjatinja Tuhan Jang Maha Esa.

XIV. Djanganlah dilupakan,
perhatikanlah kelak ditahun djaman,
windu kuning disitulah ada hantu putih,
tebu ungu tua sebagai sendjata terpilih,
akan menoradjang merusak ditengkorak hingga kelindih merintih.

XV. Tertoroboslah sudah rasa hati sanubari,
oleh saat waktu nan mendesak menghinggapi,
kerna terwasesa demi kuasa Hyang Maha Agung,
sinar sang wahju sutji sudahlah menunduk melengkung,
selamatlah adanja, ibarat terhindar dari sabit menjabung.

XVI. Maksud niat hati telah tertudju,
berlimpah-limpah mandi dengan air waju,
mulia bahagianja terus menerus ta' terhenti,
lain negeri sukalah bersahabat mentjintai,
mendapat penghargaan penghormatan diseluruh benua bumi.

XVII. Segala luka kesusahan mendjadilah baik seperti sedyakala,
bermatjam penjakit sembuhlah kembali semula,
duka tjita bergantilah dengan suka senang,
setengah orang sedang mengantuk nemulah bendir tjanang,
berisi uang mas sedulang.

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

XVIII. Kesemuanja itu hanjalah tersimpan,
suatupun ta' mendjadi hilang kotjurian,
chowan ternak diluar hanja terikat,
tiada terdjaga nan tjermat,
untuk mentjurinja seorangpun ta' berniat.

XIX. Daja keberanian langkah salah mengalah menganut,
bertukarlah dengan tindakan pantas patut,
pikiran rakjat senantiasa senang tenteram
bernaung dibudi sutji nan menghatap,
budi bahagia berhasillah memusnakan awan gelap,
sehingga orang insjaf atas masalah salah chilap.

XX. Masjarakat meninggalkan langkah salah,
patuh taat pada hukum undang-2 pemerintah,
tugas kewadjibannja terlaksanalah tetap tepat tawekal,
Rakjat djelata maupun Pemimpin Negara bersatu, bereka tunggal,
untuk saling tjela mentjatjad ta' dikenal.

XXI. Demikianlah keadaan dalam negara seluruhnja,
banjaklah para sardjana repot semula,
kemudian sadarlah, tjerdas dalam sila sastera nan halus serta kasar,
kembali bahagialah seperti didjaman sedia-kala nan akbar,
rakjat berbadan kuat sehat, berdjiwa setia besar.

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

SARI WARSITA "SABDA DJATI"

I n d o n o s i a :

I. Djanganlah berhonti monudju ketempat lubuk baik budi,
ialah djalan kearah suka bahagia basuki,
agar setiap tjita-tjita mendjadi terkabul,
terhindar dari tindakan durhaka,
hendaknja radjin membersihkan roch-djiwanja.

II. Pandanglah hingga dapat ketemu,
tjarilah nan tjermat dalam kalbu,
pikirlah djangan sampai salah,
tjamkan mendalam dimedan sanubari,
perhatikan peliharalah saksama agar monetap dihati,

III. Tempatnja, ialah didasar angan-angan nan sutji luhur,
melindungi budi djernih tenteram subur,
sih sanubari nan kosong sunji,
tapi sebenarnja berisi kesutjian sungguh,
isinja, hati nan njata tegap teguh.

IV. Djalankanlah segala sesuatu dengan sabar tenang,
djika bergerak robah, bahaja akan menjerang,
kemasukan setan gundul,
mengganggu dengan membawa kendi,
didalamnja rupiah emas berisi.

V. djika sampai tersesat kearah masalah muslihat,
mendjadilah tempat sarang iblis slanat,
masuk dalam alam neraka,
bingung, buyarlah budaja-budi,
achirnja sombrana, tak waspada lupa diri.

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

VI. Sanubari sutji tidaklah membawa pengaruh,
budi bahagia terkedjar lumpuh,
terkepung oleh langkah salah,
lupa akan kekasih Illahi,
terguntang mendjakir laksana mori.

VII. Namun segenap orang jang mengetahui,
silaulah, karena netranja kemasukan wodi,
banjak orang menjembah sudjut,
dikiranja, dialah Sang Djabarail,
dihutus oleh Tuhan Jang Maha Adil.

VIII. Barang siapa telah faham benar makna sedjatinja ilmu,
mendjadi repotlah dalam kalbu,
kalau ditiru sungguh tak pantas,
hidupnja membikin malu tjomar,
bila ditjontoh mendjadilah hina kasar.

IX. Tak mau pertjaja choibnja Tuhan Maha Rachmad,
jang memberikan mentjipta segenap umat,
siapa setia tetap, tentulah terkabul tjita-tjitanja,
kebahagiannja mendatangi,
demi kemurahan Illahi.

X. Segala permohonan akan terkabul,
bila minat berhasrat betul,
Tuhan akan melimpahkan kemurahan,
tak akan kurang sandang-boga.
segala tjita tudjuannja akan terlaksana.

XI. Ki Pudjangga sambil ingin bertutur,
demi sabda Jang Maha Luhur,
akan membuka tabir tirai,
perisai nan menutupi,
berpaling achirnja terangkah mendjadi.

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

XII. Para umat manusia dalam masa penuh halangan mendjalar,
berbudi asor rendah mendjadilah merata melebar,
huru-hara makin meradjalela,
terdapat banjak tindakan tjidera meninggalkan sila luhur,
djiwa perwiranja ta' tampak pula, bahkan luntur.

XIII. Pemimpinnja tampaklah susah sajang amat,
rasa sasmita memberi ngalamat,
senantiasa berduka kalbu,
kesengsaraan memuntjak merata melipat,
tanda ngalamat, adalah masa susah miskin menghebat.

XIV. Sembuhnja kembali bila nanti telah ada pendeta wiku,
chidmad bermohon kearah nan bertunggal kalbu,
berikat pinggang tebu laksana orang gila,
kian kemari mendjulurkan tangan bertundjuk djari,
menghitung djumlah djiwa manusia dimuka bumi.

XV. Disitu baru lenjaplah adanja djaman susah sesak siksaan,
masa serba subur makmur menggilir menggantikan,
rakjat djelata mulai suka gembira,
bahan makanan dan pakaian terdapat penuh padat,
terkabullah segala tjita tudjuan niat.

XVI. Ki Pudjangga memandangnja belum tamat terang,
tertarik mulurlah laksana benang,
tapi usianja menjeranglah memburu,
hampir saatnja menghadap kepada masa hadirat Ilahi,
kembali kealam achirat sedjati.

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

XVII. Tinggal delapan harilah akan terlihat,
meninggalkan martyapada kotilam swarga nan nikmat,
terlihatlah sudah dalam kotontuan lokil makpul,
saat tengah hari mengumpullah sudah,
ialah pada hari Rebo pon telah mendjerah hidjerah.

XVIII. Pada hari tanggal lima, saat luhur,
pertengahan tahun Djimakir sudah siap bertugur,
toluhu musna sampurna ko djanggur,
"Songara" windunja pati,
totap menempati alam abadi sutji.

XIX. Pada hari Rebo tanggal dua puluh delapan
tjipta tulisan akan berachir,
pada bulan Sawal tahun Djimakir,
tahunnja terhitung menurut Tjandera songkala,
"Sembah muksma pudjangga dji" (1802, tahun Saka/Djawa),
Ki Pudjangga mohon diri demi Panggilan Allah ko hadirat Illahi.

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google

Digitized by Google

Original from
UNIVERSITY OF CALIFORNIA

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google

Digitized by Google

Original from
UNIVERSITY OF CALIFORNIA


U.C. BERKELEY LIBRA
C024467970

Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google

Digitized by Google

Original from
UNIVERSITY OF CALIFORNIA



Generated at Columbia University on 2025-02-05 19:37 GMT / https://hdl.handle.net/2027/uc1.b3684045
Public Domain, Google-digitized / http://www.hathitrust.org/access_use#pd-google
Digitized by Google
Original from UNIVERSITY OF CALIFORNIA